

Boston Home Center ansanm ak [Allston-Brighton CDC](#) ap kolabore pou ofri pwogram aksèsyon nan pwopriyete kay ki rele **Allston-Brighton Homeownership Program**. Nouvo pwogram sa a te vin posib grasa finansman pou benefis kominote a ki soti nan pwojè imobilye [Allston Yards](#).

Pwogram Aksèsyon nan Pwopriyete Allston-Brighton Homeownership Program la gen 2 eleman ladann:

1. Premye peman (down payment) ak èd pou peye chaj frè kloti kontra acha a pou moun k ap achte kay pou premye fwa pou achte yon kay nan Allston-Brighton
2. Reparasyon sistèm chofaj pou rezidan ki gen plis laj ki abite nan Allston-Brighton.

### **Premye Peman (Down Payment)/Èd ak Chaj Kloti pou Moun k ap Achte Kay pou Premye Fwa ki Elijib k ap Achte yon Kay nan Allston Brighton**

- Si w ap chate kay pou premye fwa epi ou vle achte yon kay nan Allston-Brighton, **ou kapab jwenn jiska \$50,000 èd lajan pou moun k ap achte kay pou premye fwa ki elijib dapre revni yo.**
  - Ou ka itilize èd finansyè a pou premye peman (down payment) epi pou èd pou peye chaj kloti kontra a.
  - Èd finansyè a se yon prè repòte ki gen 0% enterè, sa ki siyifi pa gen peman k ap fèt jiskaske ou vann, refinance oubyen ou p ap rete nan kay ou ankò nan Allston-Brighton.
  - Moun k ap achte kay yo dwe itilize youn nan [Pretè Lajan Patisipan](#) Boston Home Center yo pou mògèdj yo.
  - Achte yo dwe ranpli tout lòt Boston Home Center [egzijans pou èd finansyè](#) Boston Home Center yo.
- [Telechaje aplikasyon an](#) sou wèbsayt Boston Home Center la:
- **Lè ou voye li tounen oubyen ou ale depoze li, tanpri make Allston-Brighton Program anlè a.**

Kontakte Allston-Brighton CDC an pou jwenn plis enfòmasyon nan [homebuy@allstonbrightoncdc.org](mailto:homebuy@allstonbrightoncdc.org) oswa 617-787-3874, ekstansyon 35

→ **Èd pou Reparasyon Chofaj Seniors Save Allston Brighton (Seniors Save Heating System Repair Assistance)**

Rezidan granmoun ki abite nan Allston-Brighton kapab resevwa jiska **\$8,000 nan yon sibvansyon** pou ranplse yon sistèm chofaj ki omwens 12zan oubyen ki p ap fonksyone.

Aplikan ki kalifye yo dwe:

- Yo dwe gen swasant (60) lane oswa plis; epi
- Touche mwens pase 120% nan Revni Mwayen Zòn lan [gade tablo ki anba la a]
- Yo dwe pwopriyetè kay kote y ap abite a nan Allston-Brighton
- Pwopriyetè kay yo dwe ranpli tout lòt kondisyon pwogram Seniors Save la ki endike annapre a:
  - Li dwe abite nan yon pwopriyete ki gen 1 a 4 inite ladann
  - Li pa ka dwe taks imobilyè Boston (Boston Real Estate tax)
  - Li pa ka dwe lajan bay Boston Water & Sewer money

Kontakte ESAC nan [kpresse@esacboston.org](mailto:kpresse@esacboston.org) oswa 617-524-2555 pou jwenn plis enfòmasyon epi pou ranpli yon aplikasyon pou pwogram Allston-Brighton Seniors Save la.

<b>Tablo Elijibilite Revni Allston-Brighton Seniors Save</b>	
<b>Kantite Moun nan Kay la</b>	<b>120% Revni Mwayen pou Zòn la</b>
1 moun	\$101,500
2 moun	\$116,000
3 moun	\$130,500
4 moun	\$144,950
5 moun	\$156,550
6 moun	\$168,150